

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Budaya jeung manusa mangrupa hiji beungkeutan anu raket turta teu bisa dipisahkeun. Kituna mah lantaran budaya téh mangrupa produk tina hirup kumbuhna manusa. Hal éta téh luyu sakumaha anu ditétélakeun ku Koentjaraningrat (2009, kc. 72-73) yén kabudayaan téh nyaéta sistim gagasan, rasa, jeung paripolah sarta hasil karya manusa dina kahirupan masarakat nu dipiboga ngaliwatan prosés diajar. Sacara teu sadar, élmu budaya anu dicangking tina kahirupan manusa, sanggeus ngajanggélék jadi hal anu disebut “budaya”, milu mangaruhan ogé kana kahirupan manusa. Contona waé dina adagium Sumedang anu unina “dina budaya urang napak, tina budaya urang ngapak”. Nilik kana éta ungkara, frasa “dina budaya urang napak” negeskeun yén urang Sumedang kiwari masih tetep nyindekel kana adat-istiadat, contona waé masih dilaksanakeunana hajat ngaruwat, ngalaksa, ngabubur suro, cangkaruk mulud, jeung adat lianna minangka ciri urang Sumedang tetep napak dina budayana. Sedengkeun frasa “tina budaya urang ngapak” sacara *eksplisit* némbongkeun yén aya hiji angen-angen atawa *ekspektasi* yén tina nu ngaranna budaya téh urang bisa ngapak ngapung ngajomantara.

Tanah Sunda euyeub ku rupa-rupa kabudayaan, boh dina wangun lisan atawa tulisan nu mekar ti jaman baheula (Fathurahman, spk., 2021, kc.1). Salah sahiji wandana nyaéta toponimi minangka rundayan tina folklor. Dina ulikan folklor, toponimi téh sékésélér tina élmu onomastika (*onomastics*), anu dina ulikanana di antarana ngawengku méré ngaran jalan, ngaran (jujuluk jalma) (*antroponim*), ngaran kadaharan, ngaran bungbuahan, kaasup asal-usul légénda ngaran hiji tempat dumasar kana sajarah ngajanggélékna (Danandjaja, 1997, kc. 27). Toponimi dina basa Inggris nyaéta *toponym*, sacara harfiah hartina ngaran tempat di dunya (*‘topos’* hartina tempat atawa *permukaan* saperti *topografi*, gambaran ngeunaan tempat-tempat di dunya, jeung *‘nym’* tina *onyma* anu hartina ngaran), dina basa Inggris sok disebut ogé *geographical names* (ngaran geografis) atawa *place names* (ngaran tempat), (Rais, 2008, kc. 4).

Nurutkeun anjeunna ogé toponimi nyaéta prosés méré ngaran hiji patempatan atawa *geografis* nu mangrupa kabudayaan masarakat daérah nu miboga ajén-inajén kahirupan manusa tur miboga ma'na. Sajalan jeung pamadegan anjeunna, ajén-inajén anu nyangkaruk dina ngaran téh kacida beungharna. Tina ngaran wewengkon Sékéloa contona, sok sanajan sacara jirimna kiwari geus teu katémbong, tapi tina ngaranna urang jadi nyaho yén baheulana aya séké atawa sirah cai dina deukeuteun tangkal loa. Sacara ilmiah, Kosasih (2009) ngabagi aspék toponimi jadi dua wincikan, nyaéta aspék *fisikal* jeung aspék *non-fisikal*. Aspék *fisikal* kabagi deui jadi unsur *hidrologis*, *geomorfologis*, jeung *biologi*. Sedengkeun aspék *non-fisikal* kabagi jadi aspék sosial jeung aspék kultural.

Sistem dina méré ngaran hususna anu patali jeung patempatan tinangtu teu sagawayah. Dina sajeroeun ngaran patempatan nyangkaruk ajén atawa filosofi minangka ciri tina hiji patempatan. Ka dieunakeun, bareng jeung sumebarna modernisasi anu beuki mahabu, sistem dina méré ngaran téh ngalaman parobahan. Katitén tempat-tempat kiwari loba ngala tina ngaran-ngaran tina basa deungeun saperti *regency*, *park*, *residence*, *mansion*, jrrd. Nerap pisan kana paribasa *jati kasilih ku junti*, nu hartina hal-hal nu asli kaéléhkeun ku sémah. Lian ti éta luyu ogé jeung nu disebutkeun ku Sudaryat (2009, kc. 2) yén ajén-inajén nu dijungjung luhur ku nu maké basa daérah di Jawa Barat hususna dina méré ngaran tempat geus robah sarta kagésér ku ayana istilah modéren. Kitu deui Wibawa, S. & Awaliah (2021 kc. 4) nétélakeun yén aya anggepan leuwih *gaul* saupama maké budaya luar, padahal teu ninggali réhna produk budaya pituin éstu leuwih ahéng, ngirut, jeung mibanda ajén-inajén kahirupan anu luhung.

Di wewengkon Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang anu *notabene* minangka puseurna budaya Sunda anu disahkeun dina Perda (Peraturan Daerah) Kabupatén Sumedang nomer 1 taun 2020, katambah jadi wewengkon gelarna rupaning adat kabudayaan saperti tarawangsa jeung ngalaksa, fenomena teu dipikanyahona asal-usul ngaran lembur enya-nya karandapan. Padahal sacara adat-istiadat, di wewengkon Rancakalong masih tetep nyindekel sarta ngahirup-huripkeun kana rupaning titinggal karuhun. Ieu hal luyu jeung pamanggih Agus Mulyana salaku Budayawan ogé *Penggiat Budaya* ti Direktorat Jenderal

Kebudayaan Kemendikbudristek (dina wawancara 29 Juni 2022) anu nétélakeun yén kajian dina widang toponimi hususna di wewengkon Kacamatan Rancakalong téh tacan aya panalungtikan anu nyosok jero. Ku kituna loba kénéh masarakat hususna para nonoman anu teu apal kana sajarah lemah caina sorangan dumasar kajian toponimi. Tina arsip panalungtikan akademisi atawa data arsip pamaréntah gé can kapaluruh palebah inventarisasi toponimi ngaran lembur nu aya di Kacamatan Rancakalong. Sakumaha anu ditétélakeun ku Kasi Pelayanan Umum Pemerintah Kecamatan Rancakalong, Até Wasta, S.Sos.(Wawancara 29 Juni 2022) réhna arsip inventarisasi hususna dina widang kabudayaan di Rancakalong, lolobana mah mah dina wanda kasenian jeung upacara adat. Arsip saperti ngaran lembur, seug komo sajarahna mah jarang kaguar malah mah taya arsipna.

Panalungtikan saméméhna dina wanda toponimi geus sababaraha kali dilakukeun. Di antarana ku Muhamad Malik Abdul Aziz (2017) nu judulna: Toponimi Kampung di Kecamatan Banjar Kota Banjar Pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di Kelas VII SMP, Toponimi Dumasar Carita Rahayat di Kecamatan Parigi Kabupatén Pangandaran pikeun Bahan Pangajaran Dongéng di Kelas VII SMP ku Intan Nur (2019), ku Ahmad Muzaki Syafii (2020) nu judulna: Antropolinguistik dina Toponimi Kabupatén Subang, jeung ku Rany Alya Pratiwi (2020) nu judulna: Toponimi Lembur di Kacamatan Conggéang Kabupatén Sumedang.

Ieu panalungtikan téh miboga sasaruana jeung bébédaan saupama dibandingkeun kana panalungtikan saméméhna. Sasaruanaana lebah ulikan toponimi anu digunakeun tiori utama nalika panalungtikan. Anapon bédana ieu panalungtikan téh nyaéta palebah objék anu ditalungtikna.

Dumasar kana pedaran di luhur, kapentingan ieu panalungtikan dilakukeun téh nyatana minangka solusi kana rupaning masalah anu karandapan. Hususna di wewengkon Kacamatan Rancakalong minangka bagian tina program pamaréntah sarta salaku Puseur Budaya Sunda, tapi dina wanda toponimina anu teu kapaluruh sarta antukna jadi hal anu kapopohokeun. Ku kituna nu nalungtik ngarasa perlu pikeun nalungtik ieu masalah dina wangun skripsi anu ngajudul “Toponimi Lembur di Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang”. Ieu panalungtikan

baris medar ngeunaan asal-usul, aspék toponimi, jeung pola méré ngaran di sakur lembur nu aya di Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, kaidéntifikasi yén aya sababaraha masalah anu karandapan, di antarana nyaéta:

- a. Masarakat hususna para nonoman di Kacamatan Rancakalong teu wanoh kana asal-usul ngaran daérahna;
- b. Can aya dokuméntasi atawa inventarisasi ngeunaan aspék toponimi jeung pola ngaran-ngaran lembur di Kacamatan Rancakalong.

1.2.2 Rumusan Masalah

Lian ti éta, dina prakna panalungtik ngawatesanan panalungtikan dina asal-usul ngaran lembur, pola méré ngaran lembur, jeung aspék toponimi nu ngawangun ngaran lembur nu aya di Kacamatan Rancakalong. Tug nepi ka antukna baris dijelaskeun ngaliwatan wangun pananya di handap.

- a. Kumaha sajarah atawa asal-usul ngaran lembur di Kacamatan Rancakalong?
- b. Pola naon anu digunakeun dina méré ngaran lembur di Kacamatan Rancakalong?
- c. Aspék toponimi naon anu ngawangun ngaran lembur di Kacamatan Rancakalong?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sabada dipedar ngeunaan kasang tukang, idéntifikasi, sarta rumusan masalah, tujuan dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung anu geus dipedar saacanna, sacara umum ieu panalungtikan téh dina enas-enasna mah boga udagan pikeun ngajembaran kaweruh dina

mikanyaho lemah sarakan sorangan. Leuwih jauhna mah nyaéta dina raraga invéntarisasi sangkan rupaning kabeungharan budaya hususna di Tatar Sunda dina wanda folklor saperti toponimi lembur di Kacamatan Rancakalong tetep lana.

1.3.2 Tujuan Husus

Satuluyna pikeun museurkeun deui rupaning hal dina ulikan toponimi lembur di Kacamatan Rancakalong, diheureutkeun dina tujuan husus, anu ngadéskripsikeun hal-hal di handap:

- a. Sajarah atawa asal-usul ngaran lembur di Kacamatan Rancakalong
- b. Pola anu digunakeun dina méré ngaran lembur di Kacamatan Rancakalong
- c. Aspék toponimi anu ngawangun ngaran lembur di Kacamatan Rancakalong

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Lian ti miboga tujuan, ieu panalungtikan ogé mibanda mangpaat anu ngawengku mangpaat tioritis, mangpaat praktis, mangpaat tina jihat isu sosial, sarta mangpaat sacara kawijakan.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban sarta ngajembaran analisa toponimi. Malah mandar nyawang ka jauhna bisa jadi hiji euntung pikeun panalungtikan satuluyna hususna ngeunaan toponimi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, mangpaat nu bisa kacangking tina ieu panalungtikan téh di antarana:

- a. Pikeun nu nalungtik, bisa mekarkeun pangaweruh sarta minangka aktualisasi tina hasil diajar folklore hususna toponimi
- b. Pikeun masarakat, minangka référénsi dina ngajurung panalungtikan séjénna anu suméndér kana data anu baris dipedar
- c. Pikeun pamaréntah, jadi hiji invéntarisir ngeunaan toponimi ngaran lembur di Kacamatan Rancakalong

- d. Pikeun inohong, budayawan, jeung stakeholder di Sumedang, minangka data pangrojong dina raraga dijieunna énsiklopédia.

1.4.3 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat isu sosial tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi hiji cahya enggoning nyaangan anu poékeun. Satuluyna dipiharep bisa jadi *pemantik* atawa cukang lantaran masarakat bisa kairut turta sadar kana karinékaan jeung kabeungharan budayana.

1.4.4 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat sacara kawijakan nyatana pikeun ngarojong sakumaha anu aya dina UU nomer 5 taun 1992, PP Republik Indonesia nomer 78 taun 2007, Perda Propinsi Jawa Barat taun 5 taun 2003, jeung hususna Perda Kabupaten Sumedang nomer 1 taun 2020 ngeunaan “Sumedang Puseur Budaya Sunda”.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I minangka bubuka ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan palungtikan nu diwincik deui jadi tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu diwincik deui jadi mangpaat sacara tioritis, sacara praktis, sacara isu jeung aksi sosial, ogé sacara kawijakan, pamungkas dijembarkeun ngeunaan raraga atawa sistematika tulisan.

Bab II ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Tiori dipertélakeun ti mimiti budaya, folklor, onomastika, toponimi, aspék ngaran dina toponimi, sarta pola ngaran dina toponimi. Komparasi ogé dilakukeun pikeun analisa bédana jeung panalungtikan saacanna. Pamungkas, raraga mikir sacara konséptual digambarkeun dina wangun peta konsép.

Bab III métode panalungtikan, eusina nyaéta desain panalungtikan, sumber data panalungtikan nu ngawengku lokasi panalungtikan, narasumber, jeung waktu panalungtikan, satuluyna nyaéta téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV hasil panalungtikan anu dijerona kayaning hasil turta pedaran asal-usul ngaran lembur, aspék toponimi ngaran lembur, jeung pola ngaran lembur.

Bab V kacindekan anu ngawengku kacindekan panalungtikan, saran, implikasi, jeung rékoméndasi.